



Re-ouvèti New York



Direktiv pou Enstalasyon Jwèt Aza pou Anplwayè ak Anplwaye yo

Direktiv sa aplike pou enstalasyon jwèt aza yo ke yo otorize pou ouvri. Gade "Rekòmasyon Pwovizwa pou Enstalasyon Jwèt Aza yo pandan COVID-19" (Interim COVID-19 Guidance for Malls) pou detay konplè.

Enstwiwksyon sa ap antre an vigè mèkredi 9 septanm 2020 an, pou enstalasyon jwèt aza ki gen lisans eta nan New York (pa egzanp, enstalasyon kazino ak enstalasyon jwèt videyo lotri komèsyal yo), nan moman kote, enstalasyon sa yo ka re-ouvri an akò avèk egzijans ki nan dokiman sa a. Yo entèdi sèvis manje ak bwason sou etaj jwèt la nan moman sa a. Yo pa pèmèt pèfòmans an dirèk fwa sa pou jwèt kazino yo jiskaske yo pibliye yon konsèy eta bay pou espektak la.

Pandan ijans sante piblik COVID-19 la, tout pwopriyete/operatè enstalasyon jwèt yo ta dwe rete okouran pou nenpòt ki chanjman egzijans eta a ak federal ki gen rapò ak aktivite jwèt yo epi enkòpore chanjman sa yo nan operasyon pa yo. Objektif enstwiwksyon sa a se pa pou ranplase okenn lwa, règleman, ak nòm lokal, eta ak federal aktyèl ki aplikab yo.

	Obligatwa	Pi bon Pratik ki Rekòmande yo
Distans Fizik	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Asire ke prezans mendèv ak kliyan yo limite a pa pi plis pase 25% kapasite maksimòm sou kantite moun posib yo, enkli anplwaye yo ak kliyan yo, yo dwe sèlman pèmèt tou de antre nan etablisman jwèt la si yo mete yon kouvri figi yo yon fason akseptab epi yo dwe kouvri figi yo tout tan, eksepte pou verifikasyon laj pandan y'ap rantrè, depi ke kliyan kapab tolere medikalman yon kouvèti figi. <ul style="list-style-type: none"> • Yo ka egzijtout kliyan yo pou yo bese kouvèti figi yo lè yo ap antre nan yon enstalasyon jwèt pou enstalasyon an ak/oswa nenpòt anplwaye ka verifiye idantite moun nan epi konpare ak nenpòt ki metòd idantifikasyon apwopriye, si sa nesese. Kliyan an dwe omwen a sis pye distans de tout lòt moun yo. ✓ Asire ke yo kenbe yon distans omwen sis pye ant moun yo, ki gen ladan anplwaye ak kliyan yo, epi san konte kliyan ki se manm menm kay oswa pati a, tout tan, sòf si sekirite oswa aktivite debaz la egzije yon distans ki pi kout (egzanp, operasyon an kaj, deplase ekipman). ✓ Pou kontwa pari espò, delimitè distans omwen 6 pye pou fè kliyan pran liy, epi enstale yon baryè, an akò avèk direktiv OSHA yo, ant kliyan yo ak moun ki sou kontwa yo. Yo dwe fèmen fenèt yo jan sa nesese pou pèmèt 6 pye ant moun yo. ✓ Asire aranjman nan machin a santim aktif ak lòt machin jwèt yo, ki gen ladan kyosk pari espò yo, pèmèt distans omwen 6 pye nan tout direksyon ant kliyan yo, oswa, altènativman, enstalasyon an baryè fizik ant machin sa yo, an akò avèk direktiv OSHA yo. Distans yo ka aplike atravè machin an mouvman fizikman oswa nan dezaktive machin yo, kote sa nesese. ✓ Make zòn yo 6 pye distans nan zòn ki ankonbre anpil yo (pa egzanp, zòn syèj komen nan sal resepsyon yo, twalèt, oswa kote yo nan liy nan kaj kazino yo). ✓ Fèmen tout zòn syèj oswa machin kote yo pa ka kenbe 6 pye distans lan. ✓ Fèmen nenpòt sèvis manje oswa bwason nan etaj jwèt la. 	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Chanje aranjman sal yo epi redui sikilasyon apye nan de sans avèk panno ki gen flèch nan reyon, koulwa, oswa espas ki jis yo. ✓ Entèdi itilizasyon espas ki ki piti yo (egzanp, asansè yo, sal anplwaye yo, deyè kès anrejistrez yo), pa plis pase yon moun alafwa. ✓ Limite entèraksyon sou plas yo (eg, deziyen yon sòti pou moun yo k'ap kite anstalasyon an ak yon antre separe pou moun k'ap antre yo) ak mouvman yo (egzanp, anplwaye yo ta dwe rete tou pre estasyon yo toutotan sa posib). ✓ Chanje itilizasyon ak/oswa mete restriksyon sou kantite pòs travay ak zòn pou anplwaye chita yo, yon jan pou moun yo gen yon distans omwen 6 pye ki separe yo youn de lòt nan tout direksyon. Lè distans yo pa posib, yo ka bati baryè fizik nan zòn kote yo pa ta ka afekte fliks lè, chofaj, refwadisman oswa vantilasyon, oswa prezante yon risk sante oswa risk sekirite (egzanp, risk sòti ijans). ✓ Enstale baryè fizik ant kliyan yo ak operatè kaj yo. ✓ Dekale orè travay anplwaye yo pou ka kenbe distans sosyal pou nenpòt rasanbleman. ✓ Ankouraje itilizasyon opsyon pèman san kontak oswa peye davans, lè sa disponib. Minimize kantite fwa nou manyen lajan, kat kredi, kat rekonpans, ak aparèy mobil, kote sa posib ✓ Aplike yon sistèm livrezon san kontak kote chofè yo rete nan kab veyikil la pandan livrezon an ap fèt.

WEAR A MASK.

GET TESTED.

SAVE LIVES.



Re-ouvèti New York



Direktiv pou Enstalasyon Jwèt Aza pou Anplwayè ak Anplwaye yo

Direktiv sa aplike pou enstalasyon jwèt aza yo ke yo otorize pou ouvri. Gade "Rekòmasyon Pwovizwa pou Enstalasyon Jwèt Aza yo pandan COVID-19" (Interim COVID-19 Guidance for Malls) pou detay konplè.

Enstwikeyon sa ap antre an vigè mèkredi 9 septanm 2020 an, pou enstalasyon jwèt aza ki gen lisans eta nan New York (pa egzanp, enstalasyon kazino ak enstalasyon jwèt videyo lotri komèsyal yo), nan moman kote, enstalasyon sa yo ka re-ouvri an akò avèk egzijans ki nan dokiman sa a. Yo entèdi sèvis manje ak bwason sou etaj jwèt la nan moman sa a. Yo pa pèmèt pèfòmans an dirèk fwa sa pou jwèt kazino yo jiskaske yo pibliye yon konsèy eta bay pou espektak la.

Pandan ijans sante piblik COVID-19 la, tout pwopriyete/operatè enstalasyon jwèt yo ta dwe rete okouran pou nenpòt ki chanjman egzijans eta a ak federal ki gen rapò ak aktivite jwèt yo epi enkòpore chanjman sa yo nan operasyon pa yo. Objektif enstwikeyon sa a se pa pou ranplase okenn lwa, règleman, ak nòm lokal, eta ak federal aktyèl ki aplikab yo.

	Obligatwa	Pi bon Pratik ki Rekòmande yo
Distans Fizik (kontinye)	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Siveye ak kontwòl fliks sikilasyon kliyan/anplwaye k'ap antre ak ki anndan jwèt la pou garanti respè egzijans yo sou kantite moun yo ak distans sosyal la. ✓ Kenbe prezans anplwaye/sekirite ki sifizan pou siveye fliks sikilasyon yo epi pou asire ke gwoup yo respekte limitasyon distans sosyal yo, epi elimine rasanbleman. ✓ Yo pèmèt vèsyon elektwonik jwèt tab pou jwè endivisyèl (egzanp, pokè videyo), depi yo ka kenbe 6 pye distans ant kliyan yo, oswa yo enstale baryè fizik ant kliyan yo, e depi ke yo swiv tout pwotokòl netwayaj/dezenfeksyon yo. ✓ Yo otorize wèt tab (egzanp, pokè, blak djak), depi enstalasyon yo respekte pwotokòl/tout kondisyon ki aplikab nan konsèy sa a: <ul style="list-style-type: none"> • Tablo yo dwe omwen a distans 6 pye/ranje pou kliyan yo ki nan tab adjasan yo kenbe 6 pye distans; • Kliyan ki nan yon tab endividyèl dwe separe de tout lòt kliyan pa baryè fizik ki apwouve pou itilize pa Komisyon Jwèt NYS la; • Pou jwèt san chèz yo (egzanp, krap), yo dwe make yon entèval 6 pye alantou deyò tab la, epi yo dwe enstale baryè fizik pou separe kliyan yo youn ak lòt; • Pèsonèl sekirite, dilè, ak lòt anplwaye yo dwe ranfòse distans sosyal ant kliyan yo epi gaye rasanbleman yo lè yo fòme yo; • Yo dwe enstale baryè fizik tou ant dilè/kliyan yo, menm si distans 6 pye a posib; • Yo dwe ranplase dilè yo nan jwèt la/bay lòt dilè yo poz vèbalman, olye pou yo "touche yo", • Kèlkeswa kote sa posib, jwèt yo dwe rekonfigire pou minimize kantite fwa kliyan yo dwe manyen kat yo (pa egzanp, lè yo sèvi avèk "fas vizib" nan blak djak), epi yo pa dwe janm pèmèt kliyan yo manyen kat yon lòt kliyan. ✓ Limite nenpòt rasanbleman sosyal nan espas evènman ki separe de zòn jwèt yo nan etablisman jwèt la (pa egzanp, fèt yo, rasanbleman nan sal evènman yo oswa sal bal yo) a mwens pase limit rasanbleman sosyal Eta a, ki se 50 oswa mwens moun nan piblikasyon konsèy sa a, oswa 25% kapasite maksimòm espas la. 	

WEAR A MASK.

GET TESTED.

SAVE LIVES.



Re-ouvèti New York



Direktiv pou Enstalasyon Jwèt Aza pou Anplwayè ak Anplwaye yo

Direktiv sa aplike pou enstalasyon jwèt aza yo ke yo otorize pou ouvri. Gade "Rekòmandasyon Pwovizwa pou Enstalasyon Jwèt Aza yo pandan COVID-19" (Interim COVID-19 Guidance for Malls) pou detay konplè.

Enstwiksyon sa ap anre an vigè mèkredi 9 septanm 2020 an, pou enstalasyon jwèt aza ki gen lisans eta nan New York (pa egzanp, enstalasyon kazino ak enstalasyon jwèt videyo lotri komèsyal yo), nan moman kote, enstalasyon sa yo ka re-ouvri an akò avèk egzijans ki nan dokiman sa a. Yo entèdi sèvis manje ak bwason sou etaj jwèt la nan moman sa a. Yo pa pèmèt pèfòmans an dirèk fwa sa pou jwèt kazino yo jiskaske yo pibliye yon konsèy eta bay pou espektak la.

Pandan ijans sante piblik COVID-19 la, tout pwopriyete/operatè enstalasyon jwèt yo ta dwe rete okouran pou nenpòt ki chanjman egzijans eta a ak federal ki gen rapò ak aktivite jwèt yo epi enkòpore chanjman sa yo nan operasyon pa yo. Objektif enstwiksyon sa a se pa pou ranplase okenn lwa, règleman, ak nòm lokal, eta ak federal aktyèl ki aplikab yo.

	Obligatwa	Pi bon Pratik ki Rekòmande yo
Sistèm Tretman Lè ak Sistèm Batiman yo	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Anvan okipman yo retounen nan yon batiman ki te fèmen totalman, konplete verifikasyon, travay, ak evalyasyon anvan retou yo pou kapab asire yon anviwònman ki bon pou sante epi ki sekirize. Sistèm sa yo gen pami yo men pa sèlman sistèm mekanik, sistèm dlo, asansè, ak sistèm HVAC yo. ✓ Asire ke sistèm filtrasyon HVAC batiman yo ranpli nòm pi gwo nivo filtrasyon ki konpatib ak sistèm tretman ak jesyon lè ki enstale aktyèlman yo, pou pi piti MERV-13, oswa ekivalan nan endistri an oswa pi gwo ke sa (pa egzanp, HEPA), jan ki aplikab, epi ki sètifye epi dokimante pa yon teknisyen, pwofesyonèl, oswa konpayi HVAC ki sètifye, pwofesyonèl ASHRAE ki sètifye, pwofesyonèl remiz an sèvis ki sètifye, oswa enjenyè batiman pwofesyonèl ki sètifye nan New York. ✓ Enstalasyon ki pa ka jere nivo filtrasyon minimòm ki endike anwo a (sa vle di, MERV-13 oswa pi plis), dwe gen yon teknisyen sètifye, pwofesyonèl, oswa konpayi HVAC, pwofesyonèl sètifye ASHRAE, pwofesyonèl retwo komisyon sètifye, oswa enjenyè an batiman ki gen lisans pwofesyonèl New York ki sètifye epi dokimante ke sipò filtè ki aktyèlman enstale a pa konpatib ak nivo filtrasyon minimòm ki endike anwo a (sa vle di, MERV-13 oswa pi plis) ak/oswa sistèm tretman lè a pa ta kapab an mezi pou fonksyone nivo minimòm chofaj ak refwadisman ke li te otreman kapab founi anvan ijans sante piblik COVID-19 la si yo te enstale yon degre filtrasyon elve konsa (sa vle di, MERV-13 oswa pi plis). Enstalasyon sa yo ta dwe mande pou pwofesyonèl la dokimante ekipman ki asosye a, manèv, ak depans ki ta dwe enplike nan amelyore sistèm yo pou jere nivo filtrasyon MERV-13 oswa pi gwo nivo. Konsève dokiman sa a pou ofisyèl depatman sante eta oswa lokal yo revize pou opere nan yon to filtrasyon ki pi piti ki pa mwens pase MERV-11 oswa MERV-12 ak pwotokòl reduiksyon vantilasyon ak filtrasyon lè adisyonèl. ✓ Anplis de sa, etablisman ki gen yon sistèm tretman lè ki pa kapab satisfè yon to filtrasyon MERV-13 oswa pi plis dwe adopte pwotokòl reduiksyon vantilasyon ak filtrasyon lè adisyonèl dapre rekòmandasyon CDC ak ASHRAE yo, enkli: 	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Pou batiman ki kapab aplike pou pi piti MERV-13, oswa ekivalan nan endistri an oswa pi gwo ke sa (pa egzanp, HEPA) konsidere adopte pwotokòl adisyonèl sou vantilasyon ak reduiksyon filtrasyon lè dapre rekòmandasyon CDC ak ASHRAE yo, patikilyèman pou batiman ki gen plis pase 15 ane <ul style="list-style-type: none"> • Pèfòme retwo komisyonin nesèsè nan sistèm santral yo, ansanm ak teste, balanse, ak repare jan sa nesèsè; • Ogmante nivo ayerasyon yo ak ayerasyon lè ki soti deyò yo nan limit ki posib; • Kenbe sistèm nan an mach pou plis tan, espesyalman pou plizyè èdtan chak jou anvan ak apre okipasyon; • Dezaktive vantilasyon sou demand, kote rezonab, epi kenbe sistèm ki ogmante apwovizyonman lè fre; • Ouvri bouch ayerasyon lè deyò yo pou ka redwi oswa elimine resiklaj lè yo nan limit ki posib; • sele bò filtè a pou limite pasaj; • Regilyèman enspekte sistèm ak filtè yo pou asire ke yo byen opere, ak si filtè yo byen enstale, si yo fè sèvis ladan yo ak pandan dire de tan yo; • Ouvè fenèt yo nan limit ki akseptab pou sekirite ak konfò okipman an si sa posib; • Enstale iradyasyon jèmisid iltravyolet (UVGI) ki fèt ak deplwaye yon fason ki apwopriye pou dezaktive patikil viris ayeryèn yo; ak/oswa • Itilize pwodui netwayaj lè pòtab (eg, inite elektrik HEPA), konsidere inite ki bay pi gwo to chanjman lè nan nivo pèfòmans apwopriye epi ki pa jenere sou-pwodui ki danjere. <p>(Pou rekòmandasyon presi sou sistèm filtrasyon lè nan bilding, tanpri konsilte "Rekòmandasyon Pwovizwa pou Enstalasyon Jwèt yo").</p>

WEAR A MASK.

GET TESTED.

SAVE LIVES.



Re-ouvèti New York



Direktiv pou Enstalasyon Jwèt Aza pou Anplwayè ak Anplwaye yo

Direktiv sa aplike pou enstalasyon jwèt aza yo ke yo otorize pou ouvri. Gade "Rekòmasyon Pwovizwa pou Enstalasyon Jwèt Aza yo pandan COVID-19" (Interim COVID-19 Guidance for Malls) pou detay konplè.

Enstwikeyon sa ap antre an vigè mèkredi 9 septanm 2020 an, pou enstalasyon jwèt aza ki gen lisans eta nan New York (pa egzanp, enstalasyon kazino ak enstalasyon jwèt videyo lotri komèsyal yo), nan moman kote, enstalasyon sa yo ka re-ouvri an akò avèk egzijans ki nan dokiman sa a. Yo entèdi sèvis manje ak bwason sou etaj jwèt la nan moman sa a. Yo pa pèmèt pèfòmans an dirèk fwa sa pou jwèt kazino yo jiskaske yo pibliye yon konsèy eta bay pou espektak la.

Pandan ijans sante piblik COVID-19 la, tout pwopriyete/operatè enstalasyon jwèt yo ta dwe rete okouran pou nenpòt ki chanjman egzijans eta a ak federal ki gen rapò ak aktivite jwèt yo epi enkòpore chanjman sa yo nan operasyon pa yo. Objektif enstwikeyon sa a se pa pou ranplase okenn lwa, règleman, ak nòm lokal, eta ak federal aktyèl ki aplikab yo.

	Obligatwa	Pi bon Pratik ki Rekòmande yo
Sistèm Tretman Lè ak Sistèm Batiman yo (kontinye)	<ul style="list-style-type: none"> Pèfòme retwo komisyonin nesèsè nan sistèm santral yo, ansanm ak teste, balanse, ak repare jan sa nesèsè; Ogmante nivo ayerasyon yo ak ayerasyon lè ki soti deyò yo nan limit ki posib; Kenbe sistèm nan an mach pou plis tan, espesyalman pou plizyè èdtan chak jou anvan ak apre okipasyon; Dezaktive vantilasyon sou demand, kote rezonab, epi kenbe sistèm ki ogmante apwovizyonman lè fre; Ouvri bouch ayerasyon lè deyò yo pou ka redwi oswa elimine resiklaj lè yo nan limit ki posib; sele bò filtè a pou limite pasaj; Regilyèman enspekte sistèm ak filtè yo pou asire ke yo byen opere, ak si filtè yo byen enstale, si yo fè sèvis ladan yo ak pandan dire de tan yo; Ouvè fenèt yo nan limit ki akseptab pou sekirite ak konfò okipasyon; Enstale iradyasyon jèmisid iltravyolèt (UVGI) ki fèt ak deplwaye yon fason ki apwopriye pou dezaktive patikil viris ayeryèn yo; ak/oswa Itilize pwodui netwayaj lè pòtab (eg, inite elektrik HEPA), konsidere inite ki bay pi gwo to chanjman lè nan nivo pèfòmans apwopriye epi ki pa jenere sou-pwodui ki danjere. 	
Ekipman Pwotektif	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Asire ke yo otorize anplwaye/kliyan yo rantre nan enstalasyon jwèt la si yo mete kouvèti vizaj ki akseptab; depi ke yo kapab medikalman tolere yon kouvèti vizaj konsa a. ✓ Asire ke anplwaye/kliyan yo kouvri figi yo yon fason akseptab epi yo dwe kouvri figi yo tout tan, eksepte pou verifikasyon laj pandan y'ap rantre. ✓ Bay anplwaye yo mask pou kouvri figi yo san anplwaye yo pa peye. ✓ Kouvèti pou figi ki akseptab yo gen ladan men yo pa limite ak twal (pa egzanp sa yo koud lakay yo, sa yo koupe nan rad yo, bandana), mask chirijikal yo ak pwoteksyon pou figi yo. 	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Menm si kaj kazino yo, jwèt tab yo, ak machin jwèt endividyèl yo yo distanse sosyalman, konsidere enstale baryè fizik, kote sa posib.

WEAR A MASK.

GET TESTED.

SAVE LIVES.



Re-ouvèti New York



Direktiv pou Enstalasyon Jwèt Aza pou Anplwayè ak Anplwaye yo

Direktiv sa aplike pou enstalasyon jwèt aza yo ke yo otorize pou ouvri. Gade "Rekòmasyon Pwovizwa pou Enstalasyon Jwèt Aza yo pandan COVID-19" (Interim COVID-19 Guidance for Malls) pou detay konplè.

Enstwikeyon sa ap antre an vigè mèkredi 9 septanm 2020 an, pou enstalasyon jwèt aza ki gen lisans eta nan New York (pa egzanp, enstalasyon kazino ak enstalasyon jwèt videyo lotri komèsyal yo), nan moman kote, enstalasyon sa yo ka re-ouvri an akò avèk egzijans ki nan dokiman sa a. Yo entèdi sèvis manje ak bwason sou etaj jwèt la nan moman sa a. Yo pa pèmèt pèfòmans an dirèk fwa sa pou jwèt kazino yo jiskaske yo pibliye yon konsèy eta bay pou espektak la.

Pandan ijans sante piblik COVID-19 la, tout pwopriyete/operatè enstalasyon jwèt yo ta dwe rete okouran pou nenpòt ki chanjman egzijans eta a ak federal ki gen rapò ak aktivite jwèt yo epi enköpore chanjman sa yo nan operasyon pa yo. Objektif enstwikeyon sa a se pa pou ranplase okenn lwa, règleman, ak nòm lokal, eta ak federal aktyèl ki aplikab yo.

	Obligatwa	Pi bon Pratik ki Rekòmande yo
Ekipman Pwoteksyon (kontinye)	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Lave, ranplase, anpeche yo pataje kouvèti pou figi yo. Konsilte konsèy CDC a pou plis enfòmasyon. ✓ Enstale baryè fizik nan kaj kazino yo, ak ant machin jwèt endividyèl yo, lè enstalasyon sa yo pa a 6 pye distans. ✓ Limite pataj objè yo tankou ekipman ak veyikil, ansanm ak touche sifas ki pataje yo (egzanp, ekran taktil); oswa, egzije travayè yo pote gan lè yo an kontak avèk objè ki pataje yo oswa sifas yo touche souvan yo; oswa, egzije travayè/kliyan yo fè ijyèn men avan ak apre kontak. 	
Ijyèn, Netwayaj, ak Dezenfeksyon	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Respekte egzijans ijyèn ak asenisman ki soti nan Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) ak Depatman Sante (Department of Health, DOH) epi kenbe rejis netwayaj nan espas la ki gen ladan dat, tan, ak anvègi netwayaj ak dekontaminasyon yo. ✓ Bay epi kenbe estasyon ijyèn pou men nan tout enstalasyon an ki genyen ladan yo savon, dlo cho k ap koule, ak papye ki ka jete, ansanm ak dezenfektan pou men ki gen 60% oswa plis alkòl pou espas kote lave men pa posib. ✓ Asire dezenfektan pou men disponib toupatou atravè etablisman jwèt la (egzanp, nan antre yo, nan etaj jwèt la, nan kaj yo, biwo sekirite/ resepsyon yo). ✓ Asire ke tout zòn ak ekipman nan enstalasyon jwèt yo byen netwaye ak dezenfekte omwen yon fwa chak jou, epi byen netwaye ak dezenfekte zòn yo touche anpil yo pi souvan, an nakò avèk estanda yo etabli anba yo. ✓ Asire ekipman oswa objè ki pataje ant kliyan ak/oswa anplwaye (pa egzanp, machin jwèt, kontwa pou machin jwèt yo) yo netwaye ak dezenfekte ant chak itilizatè oswa omwen chak 4 èdtan. ✓ Bay ekipman ki apwopriye pou netwayaj/dezenfeksyon pou sifas pataje/yo touche souvan (pa egzanp, machin jwèt, kontwa pou machin jwèt yo), epi egzije pou anplwaye/ankouraje kliyan yo sèvi ak apwovizyonman sa yo. 	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Kote sa posib e pratik, mete kouvèti chèz sou chèz an twal oswa lòt chèz ki ka pi difisil pou netwaye ak dezenfekte. Yo ta dwe netwaye kouvèti chèz sa yo apre itilizasyon oswa chak 4 èdtan, o minimòm. ✓ Enstale distribitè dezenfektan pou men san kontak, kote sa posib. ✓ Mete resipyan toupatou nan etablisman jwèt la pou jete bagay sal, pami yo PPE.

WEAR A MASK.

GET TESTED.

SAVE LIVES.



Re-ouvèti New York



Direktiv pou Enstalasyon Jwèt Aza pou Anplwayè ak Anplwaye yo

Direktiv sa aplike pou enstalasyon jwèt aza yo ke yo otorize pou ouvri. Gade "Rekòmasyon Pwovizwa pou Enstalasyon Jwèt Aza yo pandan COVID-19" (Interim COVID-19 Guidance for Malls) pou detay konplè.

Enstwiwksyon sa ap antre an vigè mèkredi 9 septanm 2020 an, pou enstalasyon jwèt aza ki gen lisans eta nan New York (pa egzanp, enstalasyon kazino ak enstalasyon jwèt videyo lotri komèsyal yo), nan moman kote, enstalasyon sa yo ka re-ouvri an akò avèk egzijans ki nan dokiman sa a. Yo entèdi sèvis manje ak bwason sou etaj jwèt la nan moman sa a. Yo pa pèmèt pèfòmans an dirèk fwa sa pou jwèt kazino yo jiskaske yo pibliye yon konsèy eta bay pou espektak la.

Pandan ijans sante piblik COVID-19 la, tout pwopriyete/operatè enstalasyon jwèt yo ta dwe rete okouran pou nenpòt ki chanjman egzijans eta a ak federal ki gen rapò ak aktivite jwèt yo epi enkòpore chanjman sa yo nan operasyon pa yo. Objektif enstwiwksyon sa a se pa pou ranplase okenn lwa, règleman, ak nòm lokal, eta ak federal aktyèl ki aplikab yo.

	Obligatwa	Pi bon Pratik ki Rekòmande yo
Ijyèn, Netwayaj, ak Dezenfeksyon (swivi)	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Asire gen ase anplwaye ki disponib pou "siye" ekipman ant itilizatè yo, menm si yo ka egzije kliyan yo fè sa anvan/apre chak itilizasyon. Yo dwe bay kliyan yo opsyon pou mande pou netwaye ak dezenfekte machin santim ak lòt machin jwèt yo anvan yo itilize machin lan. ✓ Respekte pwotokòl netwayaj sa yo pou ekipman ak sifas nan jwèt tab yo: <ul style="list-style-type: none"> • Sa ki annapre yo dwe netwaye ak dezenfekte, oswa ranplase oswa jete, jan sa aplikab, anvan ou chanje kliyan/dilè k'ap jwe a jan sa apwopriye nan jwèt la: ray jwèt tab (yo), zòn chèz (yo), zo(de), bouton ouvè/fèmen (yo) ke dilè yo itilize, tir kat (card shoe), tèt jwèt woulèt (yo), bal (yo), ak dòli, domino Pai Gow, Limit vizyèl, inite Elo, aparèy ki pouse lajan, bwat gratifikasyon yo; • Yo dwe netwaye ak dezenfekte sa ki annapre yo, oswa ranplase oswa jete, jan sa aplikab, chak èdtan: Podyòm Chipper Champs, Pit ak Pokè; • Sa ki annapre yo dwe netwaye ak dezenfekte, oswa ranplase oswa jete, jan sa aplikab, chak kat èdtan: machin ki bwase kat la, kat bakara yo rejte, respipyan kat blakjak yo rejte, sifas jwèt ki di, charyo; • Yo dwe retire jeton yo nan jwèt la apre yon kliyan pèdi yo oswa retounen yo bay dilè a oswa kesye, epi anplwaye kazino yo dwe netwaye ak dezenfekte yo, anvan yo resikle yo; • Dilè yo dwe mande pou kliyan yo sèvi ak dezenfektan men anvan yo rantre nan yon jwèt; epi • Yo dwe netwaye tout lòt ekipman nan entèval ki dekri nan konsèy sa a. ✓ Asire estasyon pataje yo (egzanp, kaj yo) yo netwaye ak dezenfekte yo ant itilizasyon pou chak anplwaye diferan. ✓ Pou netwayaj ak itilizasyon dezenfektan, gade lis pwodui Depatman Pwoteksyon Anviwònman an (Department of Environmental Conservation, DEC) EPA idantifye kòmka yo bay rezilta kont COVID-19. ✓ Entèdi manje ak bwason pataje nan mitan anplwaye yo epi rezève ase espas – andeyò nan etaj jwèt la – pou anplwaye yo obsève distans sosyal pandan y'ap manje. 	

WEAR A MASK.

GET TESTED.

SAVE LIVES.



Re-ouvèti New York



Direktiv pou Enstalasyon Jwèt Aza pou Anplwayè ak Anplwaye yo

Direktiv sa aplike pou enstalasyon jwèt aza yo ke yo otorize pou ouvri. Gade "Rekòmandasyon Pwovizwa pou Enstalasyon Jwèt Aza yo pandan COVID-19" (Interim COVID-19 Guidance for Malls) pou detay konplè.

Enstwikeyon sa ap antre an vigè mèkredi 9 septanm 2020 an, pou enstalasyon jwèt aza ki gen lisans eta nan New York (pa egzanp, enstalasyon kazino ak enstalasyon jwèt videyo lotri komèsyal yo), nan moman kote, enstalasyon sa yo ka re-ouvri an akò avèk egzijans ki nan dokiman sa a. Yo entèdi sèvis manje ak bwason sou etaj jwèt la nan moman sa a. Yo pa pèmèt pèfòmans an dirèk fwa sa pou jwèt kazino yo jiskaske yo pibliye yon konsèy eta bay pou espèktak la.

Pandan ijans sante piblik COVID-19 la, tout pwopriyete/operatè enstalasyon jwèt yo ta dwe rete okouran pou nenpòt ki chanjman egzijans eta a ak federal ki gen rapò ak aktivite jwèt yo epi enkòpore chanjman sa yo nan operasyon pa yo. Objektif enstwikeyon sa a se pa pou ranplase okenn lwa, règleman, ak nòm lokal, eta ak federal aktyèl ki aplikab yo.

	Obligatwa	Pi bon Pratik ki Rekòmande yo
Kominikasyon	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Afime ke ou te revize e konprann konsèy eta a te pibliye sou endistri a, epi w'ap aplike yo. ✓ Ankouraje moun yo respekte rekòmandasyon CDC ak DOH yo sou itilizasyon PPE, sitou nan zafè kouvri figi, gras a kominikasyon pale ak panno. ✓ Afiche byen klè plan sekirite nan espas la. 	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Elabore yon plan kominikasyon pou anplwaye/kliyan yo ki gen ladan enstrikeyon, fòmasyon, endikasyon ki aplikab yo ak menm metòd yo pou bay enfòmasyon. Reflechi sou elabore paj wèb, gwoup tèks/imèl, ak medya sosyal. ✓ Mete siyalizasyon anndan ak deyò batiman an pou raple moun yo pou respekte bon ijyèn, prensip distans sosyal yo, itilizasyon kòrèk PPE yo ak pwotokòl netwayaj ak dezenfeksyon yo.
Depistaj	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Mete anplas pratik depistaj sante (paregzanp kesyonè, kontwòl tanperati) pou anplwaye yo ak, men yo pa dwe egzije evalyasyon sa yo pou kliyan yo/pèsonèl livrezon an. ✓ Depistaj la dwe poze kesyon konsènan, o minimòm: (1) <u>sentòm</u> COVID-19 nan 14 jou ki pase yo (2) tès COVID-19 ki pozitif nan 14 dènye jou yo, (3) kontak pre ak ka COVID-19 ki konfime oswa yo sispèk nan 14 dènye jou yo; ak/oswa (4) si yo te vwayaje nan yon eta ki gen gwo pwopagasyon kominotè COVID-19 pandan plis pase 24 èdtan nan 14 dènye jou yo. ✓ Gade <u>konsèy vwayaj</u> DOH la pou enfòmasyon ki pi resan sou eta yo ki gen gwo pwopagasyon COVID-19 ak egzijans karantèn yo. ✓ Yon moun ki depiste pozitif pou sentòm COVID-19 yo dwe pa gen aksè pou antre nan etablisman jwèt la epi yo dwe voye anplwaye ki teste pozitif la lakay li ak enstrikeyon pou kontakte founisè swen sante l pou evalyasyon ak tès. ✓ Notifye depatman sante eta a ak lokal la sou nenpòt ka COVID-19 pozitif konfime imedyatman. ✓ Deziyen yon pwen kontak santral ki responsab pou resevwa ak ateste ke yo revize tout kesyonè tès depistaj yo. Yo ta dwe pare pou resevwa avètisman nan men moun ki gen ka pozitif epi kòmanse pwosede netwaye/dezenfekte ki ale ak sa yo. 	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Fè depistaj yo a distans (egz. nan telefòn oswa ankèt elektwonik), anvan moun yo rive nan enstalasyon jwèt la. ✓ Anpeche moun yo melanje nan kontak pwòch youn ak lòt anvan depistaj la fini. ✓ Moun k'ap fè depistaj yo ta dwe fòme pa an ke plwaye ke yo idantifye ki fanmiye ak pwotokòl CDC, DOH, ak OSHA yo. ✓ Verifikasyon tanperati ka fèt tou dapre Komisyon pou Egalite Chans nan Zafè Anplwa Etazini (U.S Equal Employment Opportunity Commission) oswa direktiv DOH yo. ✓ Kenbe yon rejis pou chak moun, ki enkli anplwaye yo, kontraktè yo, founisè yo, ki gendwa gen kontak sere ak lòt moun nan enstalasyon jwèt la; san konte kliyan ak livrezon ki fèt ak PPE ki apwopriye oswa pa mwayen san kontak yo. Jounal la ta dwe gen enfòmasyon kontak la pou tout kontak ka idantifye, retrase epi alèste si yon anplwaye ta teste pou COVID-19 la. ✓ Yo ka ankouraje kliyan yo fè depistaj sante oswa bay enfòmasyon kontak pou trasaj kontak men yo pa ka egzije yo fè sa. Yo ka egzije kliyan yo bay enfòmasyon idantifikasyon oswa detay sou kontak si idantifikasyon an nesèsè pou pèsonèl sekirite a oswa pou anplwaye yo nan enstalasyon jwèt la verifye laj ak si yo gen pèmision pou antre nan kazino a. ✓ Konsilte <u>direktiv</u> DOH la konsènan pwotokòl ak politik pou anplwaye ki ap chèche retounen travay apre yon ka COVID-19 yo sispèk oswa konfime oswa apre anplwaye a te gen kontak sere oswa pwòch ak yon moun ki gen COVID-19.

WEAR A MASK.

GET TESTED.

SAVE LIVES.